# KITAPXANALARDA METODIKALıQ BASSHıLıQTı SHÓLKEMLESTIRIW MÁSELELERI

***Húrliman Shamshetova Salawatovna***
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner*
*hám mádeniyat institutı*
*Nókis filialı studenti*
***Sharipova Dilbarxan Atajanovna***
*Kitapxana-xabar iskerligi kafedrası aǵa oqtıwshısı*

**Annotaciya :** Ózbekstanda ámelge asırılıp atırǵan sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám ruwxıy turmısındaǵı túpkilikli qayta qurıw hám jańalanıwlar tikkeley kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwına tásir kórsetedi. Kitap fondında kútá úlken psixiologiyalıq baylıqlardı jıynaǵan kitapxanalar jámiyetke xizmet etiwi, onıń túrli iskerlik tarawılarına pán, bilimlendiriw, mádeniyat, islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa hár tárepleme járdem beriwi zárúr. Óz gezeginde jámiyet ol jaǵdayda júz berip atırǵan hádiyseler kitapxanalar iskerligine tásir etedi. Bul tásir qandayda bir anıq tariyxıy dáwirge tán sociallıq áhmiyetke iyelik etiw máselelelerni sheshiwde kórinedi. Respublika ǵárezsizligin bekkemlew maqsetinde kitapxanalar óziniń tiykarǵı dıqqatın jámiyetti demokratiyalastırıw, xalıqtıń milliy mádeniyatın qayta tiklew, shaxstıń dóretiwshilik múmkinshiliklerin ashıw, adamlardıń siyasiy hám puqaralıq belsendiligin ósiriw sıyaqlı sociallıq zárúrli maqsetlerge qaratıwları kerek.
**Gilt sózi:** Metodika, kitapxanashı jumısın basqarıw, principler,metodikalıq wazıypalar

**Аннотация:** Реальная реконструкция и обновление социально-экономической, политической и духовной жизни Узбекистана оказывает непосредственное влияние на развитие библиотечного дела. Необходимо обслуживать библиотечное общество, имеющее в книжном фонде большие психологические богатства, оказывать всестороннюю поддержку развитию науки, образования, культуры и производства в различных ее аспектах. В свою очередь, события, происходящие в обществе, влияют на деятельность библиотек. Этот эффект можно увидеть в решении социально значимых вопросов, связанных с конкретным историческим периодом. В целях обеспечения независимости республики библиотеки должны сосредоточить свое основное внимание на общественно необходимых целях, таких как демократизация общества, восстановление национальной культуры народа, раскрытие творческих возможностей личности, развитие политической и гражданская преданность народа.
**Ключевые слова :** Методология, управление библиотечной работой, принципы, методические задачи.

Ózbekstanda kitapxanalarǵa metodikalıq basshılıqtıń dúziliwi házirgi waqıtta kitapxana xızmetkeleriniń kásiplik sheberligin asırıw, olarda kásibine bolǵan qızıǵıwshılıqtı qáliplestiriw, onıń maqset hám wazıypaların ańlap jetiwge járdem beriw bolıp tabıladı. Metodikalıq iskerlik kitapxanashılarda dóretiwshilik pikirlewge járdem beriwi, óz wazıypaların orınlawda ǵárezsiz bolıwdı, juwapkerlikli etip tárbiyalawı kerek. Metodikalıq basshılıqtı aktivlestiriw kitapxanashılıq jumısında jańalıqlardı engiziwdi basqarıw sistemasın jedellestiriw iskerligi menen baylanıslı. Oǵan metodikalıq oraylardıń jańalıqlardı izlep tabıw hám qurıwǵa tiyisli ilimiy-izertlew jumısları, sonıń menen birge, kitapxanashılardı oqıtıw hám olardıń kitapxanashılıqqa tiyisli jańa bilimlerdi ózlestiriwine járdem beriw boyınsha pedagogikalıq iskerlik tiykar boladı. Joqarıda keltirilgen jumıslar metodikalıq basshılıq orayları sisteması

arqalı ámelge asırıladı. Kitapxanalarǵa metodikalıq basshılıq etiw sisteması mákeme hám taraw aymaqlıq principler boyınsha shólkemlesken bolıp tabıladı.

Barlıq kitapxanashılıq tarawınan jáne de tolıǵıraq hám ónimlirek paydalanıw maqsetinde metodikalıq basshılıq tómendegi máselelerdi sheshiwi kerek:

1) kitapxanalarǵa shólkemlestirilgen metodikalıq járdem kórsetiw (xalıqqa kitapxanashılıq xızmetin shólkemlestirip, kitapxana fondların qáliplestiriw, kitapxanalarda miynetti ilimiy tiykarda shólkemlestiriw hám t,b);

2) jańalıqlardı, aldıńǵı kitapxanashılıq tájiriybelerin úyreniw hám tarqatıw;

3) kitapxanashı kadrlar mamanlıǵın asırıw. Bul wazıypalardı ámelge asırıw metodikalıq iskerliktiń úsh tiykarǵı baǵdarın belgilep beredi. Ilimiy metodikalıq islerdi kitapxana jumısına basshılıq etiwshi organlar hám ilimiy-metodikalıq oraylar ámelge asıradı.

Hár qanday materiallıq hám ruwxıy islep shıǵarıw, xızmet kórsetiw tarawı málim bir shólkemlestiriw, nızam-qaǵıydalar, miynet bólistiriwi, adamnıń jámááttegi ornı hám wazıypasın belgilemey ámelge asırıp bolmaydı. Bulardıń barlıǵı basqarıw arqalı ámelge asırıladı. Mine sol sebepli de, hár qanday mámlekette arnawlı jámiyetshilik institutları hám basqarıw shólkemleri shólkemlestiriledi, olar jámiyetke, xalıq xojalıǵınıń túrli tarawlarına, miynet jámáátlerine maqsetke baǵdarlanǵan háreketti ámelge asıradı.

Basqarıwdıń tiykarǵı wazıypası adamlardı miynet jámáátlerindegi birgeliktegi iskerligin, olardı óz-ara sherikligin shólkemlestiriw bolıp tabıladı.

Basqarıwda zárúrli wazıypada sırtqı faktorlardaǵı, ekonomikadaǵı, sociallıq turmıstaǵı ózgerislerdi esapqa alıw áhmiyetli esaplanadı. Kitapxanashılıq jumısında sırtqı faktorlarǵa baspalar, kitap sawdası shólkemleri, ilimiy- málimleme shólkemleri, kitapxanashılıq úskenelerin óndiriwshi shólkem hám shólkemler, elektron baylanıs quralları hám basqalar kiredi.

Kitapxana - málimleme iskerliginiń rawajlanıw tariyxında biz, jámiyet ómiriniń ekonomikalıq sharayatları ózgerislerinde, siyasiy qayta qurıwlarda kitapxana - málimleme iskerligi de ózgerip barıwın kóremiz. Bunıń jarqın mısalı keyingi jıllardaǵı ózgerisler bolıp tabıladı. Mámleketimizde bazar ekonomikası sharayatına ótiw, siyasiy ideologiyalıq, ruwxıy hám materiallıq ózgerisler júz berip atırǵan dáwirde, kitapxana málimleme iskerligi de ózgerip baratır.

Kitapxana - málimleme mákemelerine xojalıq iskerligi menen shuǵıllanıw huqıqı, óz kitap fondında yuridikalıq hám fizikalıq adamlardıń paydalınıwın shártnama tiykarında shólkemlestiriw, pullıq xızmet túrlerin engiziw, sırt ellerdegi shólkemler menen óz-ara sheriklik etiw hám basqa jumıslar ushın keń jol ashıp berildi. Usınıń menen birge mámleketimizdegi demokratiyalıq reformalar da kitapxana - málimleme iskerligine úlken tásir kórsetip atır. Atap aytqanda, kitapxanalarǵa óz jumısı mazmunların ózleri belgilewi, kitapxana tarmaǵın oraylastırıwdan oraylastırılmaǵan tárepke qaray baratırǵanlıǵı, túrli sheklewlerdi biykar etiliwi sonnan dárek bolıp tabıladı.

Tiykarǵı wazıypalar retinde tómendegiler belgilengen:

- puqaralarǵa kitapxana - informaciya xızmetlerin kórsetiwdiń sapa tárepinen jańa dárejesin támiyinlew, olardıń bilimlendiriw, ilimiy, materiallıq hám dem alıw menen baylanıslı qızıǵıwshılıqları hám mútajliklerin informaciya beriw jolı menen támiyinlew;

-jámiyettiń turaqlı rawajlanıwı hám unamlı sociallıq ózgerisler júz beriwiniń shártlerinen biri retinde respublikanıń birden-bir kitapxana -informaciya maydanın qáliplestiriw;

-respublikanıń milliy kitapxana -málimleme resursların jaratıw hám olardıń xalıq aralıq informaciya tarmaqlarına integraciyası.

Kitapxanashılıq jumısın huqıqıy támiyinlewdiń tiykarǵı baǵdarları tómendegilerden ibarat :

—kitapxanalardıń huqıqıy, sociallıq wazıypaların, olardıń iskerliginiń tiykarǵı principlerin belgileytuǵın normativlik-huqıqıy hújjetler («Kitapxanashılıq jumısı haqqında»ǵı Nızam,

«Hújjetlerdiń májbúriy nusqası haqqında»ġı Qaġıyda hám b.) kompleksi kórinisinde kitapxanashılıq salasındaġı nızamshılıqtı payda etiw;

—xalqaralıq standartlar hám bazar munasábetlerin esapqa alıp, kitapxana ishki iskerligin rawajlandırıwġa qaratılġan normativ-tártipke salıwshı hújjetler (jollamalar, qaġıydalar, usınıslar, normalar, qaġıydalar hám t.b. ) di rawajlandırıw ;

—xalqaralıq kitapxana MARC formatları negizinde bibliografiyalıq informaciya beriw hám uzatıw xalıq aralıq qaġıydalarına muwapıq milliy kitapxana standartların, sonıń menen birge kitapxananıń jańa informaciya texnologiyalarınan paydalanıw menen baylanıslı iskerligin tártipke salıwshı basqa normativ hújjetlerdi islep shıġıw.

Ózbekstanda ámelge asırılıp atırġan sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám ruwxıy turmısındaġı túpkilikli qayta qurıw hám jańalanıwlar tikkeley kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwına tásir kórsetedi. Kitap fondında kútá úlken psixikalıq baylıqlardı jıynaġan kitapxanalar jámiyetke xizmet etiwi, onıń túrli iskerlik tarawılarına pán, bilimlendiriw, mádeniyat, islep shıġarıwdı rawajlandırıwġa hár tárepleme járdem beriwi zárúr. Óz gezeginde jámiyet ol jaġdayda júz berip atırġan hádiyseler kitapxanalar iskerligine tásir etedi. Bul tásir qandayda bir anıq tariyxıy dáwirge tán sociallıq áhmiyetke iyelik etiw máselelelerni sheshiwde kórinedi. Respublika ǵárezsizligin bekkemlew maqsetinde kitapxanalar óziniń tiykarġı dıqqatın jámiyetti demokratiyalastırıw, xalıqtıń milliy mádeniyatın qayta tiklew, shaxstıń dóretiwshilik múmkinshiliklerin ashıw, adamlardıń siyasiy hám puqaralıq belsendiligin ósiriw sıyaqlı sociallıq zárúrli maqsetlerge qaratıwları kerek.

Ózbekstanda kitapxanashılıq jumısınıń shólkemlestiriwdiń tómendegi tiykarġı principlerin atap kórsetiw múmkin.

1) Kitapxananıń kópshilikke arnalġanlıġı jáne onıń jumısın demokratiyalastırıw ;
2) Kitapxanalar iskerligin adamgershilik baġdarında aparıw ;
3) Kitapxanashılıq jumısınıń mámleketlik xarakteri;
4) Ǵárezsiz kitapxanashılıq siyasatın júrgiziw;
5) Kitapxanashılıq sistemasın siyasiy toparlastırıw tiykarında shólkemlestiriw;
6) Kitapxanalardı shólkemlestiriw jáne onıń iskerliginde keń jámáátshiliktiń qatnasıwı;

Ózbekstanda kitapxanashılıq jumısına mámleketlik basshılıġında ámelge asırıladı. Basqarıwdıń mámleket - jámiyetshilik shólkemleri kitapxanashılıq xızmetine bolġan talaplardı esapqa alġan halda kitapxanashılıq xızmetin kórsetiwdiń nátiyjeli sistemasın qurıwġa zárúr aqshalar menen támiyinlew, mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı jobaları hám byudjetlerdi kórip shıġıwda kitapxanalar zárúriyatın qorġaw etedi hám olardı maqsetke muwapıq támiyinlewge erisedi, kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwına ajıratılġan aqshalardı tolıq hám nátiyjeli isletiwge járdem beredi, kitapxanalar hám olardı basqarıw shólkemleri ġayratın mápdarlıġın asırıwshı jańa xojalıq mexanizmin jaratıw jumısları menen shuġıllanadı.

Kitapxanashılıq jumısın basqarıwdıń mámleket-jámiyetshilik shólkemleri kitapxanashılıq qurılısınıń huqıqıy hám normativ tiykarların qáliplestiredi, kitapxanashılıq nızamları hám tiyisli huqıqıy hújjetlerdiń jetilisken sistemasın islep shıġadı.

Kitapxanashılıq jumısı - sociallıq sistema esaplanġanlıġı ushın adamlardıń qızıġıwshılıqları onıń iskerliginde tiykarġı orın iyeleydi. Social, jámáátlik, jeke qızıġıwshılıqlar bul sistemanıń rawajlanıw procesine, jaġdayına aktiv tásir ótkeredi. Kitapxanashılıq jumısınıń tiykarġı maqseti paydalanıwshılarġa xizmet kórsetiw, olardı baspa ónimleri hám informaciyalarġa bolġan zárúriyatın tolıq qandırıw arqalı mádeniyat rawajlanıwı hám bayıp barıwına tásir ótkeriwden ibarat bolġan sociallıq materiallıq sistema bolıp tabıladı. Kitapxanashılıq jumısı informaciya, materiallıq -bilimlendiriw, tálim iskerligi tarawı bolıp, kitapxanalar tarmaġın jaratıw hám rawajlandırıw, olardıń fondların qáliplestiriw hám qayta islew, paydalanıwshılar ushın kitapxana -informaciya, maġlıwmat -bibliografiyalıq xızmetlerin shólkemlestiriw, kadrlar tayarlaw onıń tiykarġı wazıypaları esaplanadı. Kitapxanashılıq jumısı quramalı sociallıq - materiallıq sistema retinde ayrıqshalıqlarġa hám rawajlanıw nizamlıqlarına iye esaplanadı.

Kitapxanashılıq jumısı sistema retinde tómendegi jónelislerdi óz ishine aladı:
- Kitapxanalar tarmaǵı ;
- Kitapxana fondın jıynaw;
- Kitapxana - informaciya xızmetin shólkemlestiriw;
- Kitapxana - informaciya iskerligin ilimiy shólkemlestiriw;
- Kitapxana - informaciya iskerligin metodikalıq támiynatı ;
- Kadrlardı tayarlaw hám qayta tayarlaw ;
- Kitapxana - informaciya iskerligin basqarıw.

Ózbekstanda kitapxanalarǵa metodikalıq basshılıqtıń dúziliwi házirgi waqıtta kitapxana xızmetkerleriniń kásiplik sheberligin asırıw, olarda kásibine bolǵan qızıǵıwshılıqtı qáliplestiriw, onıń maqset hám wazıypaların ańlap jetiwge járdem beriw bolıp tabıladı. Metodikalıq iskerlik kitapxanashılarda dóretiwshilik pikirlewge járdem beriwi, óz wazıypaların orınlawda ǵárezsiz bolıwdı, juwapkerlikli etip tárbiyalawı kerek. Metodikalıq basshılıqtı aktivlestiriw kitapxanashılıq jumısında jańalıqlardı engiziwdi basqarıw sistemasın jedellestiriw iskerligi menen baylanıslı. Oǵan metodikalıq oraylardıń jańalıqlardı izlep tabıw hám qurıwǵa tiyisli ilimiy-izertlew jumısları, sonıń menen birge, kitapxanashılardı oqıtıw hám olardıń kitapxanashılıqqa tiyisli jańa bilimlerdi ózlestiriwine járdem beriw boyınsha pedagogikalıq iskerlik tiykar boladı. Joqarıda keltirilgen jumıslar metodikalıq basshılıq orayları sisteması arqalı ámelge asırıladı. Kitapxanalarǵa metodikalıq basshılıq etiw sisteması mákeme hám taraw aymaqlıq principler boyınsha shólkemlesken bolıp tabıladı.